

## BAB V

### KACINDEKAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun ragam basa Sunda dialék sosial Karawang dina kumpulan carpon karya Darpan. Aya tilu nu bisa dicindekkeun, nyaéta (a) ragam basa Sunda dialék sosial Karawang (BSDSK); (b) wangun kecap ragam basa Sunda dialék sosial Karawang; jeung (c) babandingan léksikosemantik ragam basa Sunda dialék sosial Karawang (BSDSK) jeung basa Sunda lulugu (BSL).

Ragam BSDSK kapanggih aya genep wanda, nyaéta akrolék, basilék, vulgar, slang, kolokial, jeung jargon. Ragam BSDSK anu pangréana nyaéta wanda kolokial (99 kecap), anu pangsaeutikna wanda vulgar (4 kecap). Sésana mangrupa wanda jargon (62 kecap) jeung basilek (41 kecap), jeung akrolék (21 kecap). Ragam basa nu panglobana dilarapkeun minangka bukti yén réréana basa dialék sosial dilarapkeun pikeun paguneman sapopoé.

Disawang tina wangun kecapna, ragam BSDSK umumna mangrupa kecap salancar (106 kecap), anu pangsaeutikna mangrupa kecap kantétan (5 kecap). Sésana mangrupa kecap rundayan (86 kecap) jeung kecap rajékan (32 kecap). Ragam BSDSK wangun kecap salancar umumna diwangun ku dua engang (80 kecap). Sésana diwangun ku tilu engang (19 kecap), opat engang (3 kecap), jeung saengang (4 kecap).

Ragam BSDSK ébréh tina struktur léksikalna, anu umumna mangrupa kecap saharti atawa sinonim (163 kecap). Sésana mangrupa kecap sawengku atawa hiponim (28 kecap), kecap sangaran atawa homonim (20 kecap), kecap anéka harti atawa polisemi (7 kecap), kecap sabalikna atawa antonim (4 kecap), jeung kecap wacahan (2 kecap).

Lamun dibandingkeun jeung basa Sunda lulugu (BSL), BSDSK aya bédana dina segi léksikal (101 kecap), segi morfologis (88 kecap), jeung segi fonologis (37 kecap). Dasar nangtukeun bébédaan antara BSDSK jeung BSL, nyaéta dumasar tina

*keterangan basa wewengkon* dina buku jeung kamus basa Sunda pikeun mantuan jeung nangtukeun kecap nu kapanggih boh dina BDK, boh dina BSL.

Dumasar segi morfologis leuwih écés lantaran dibagi sababaraha aspék di anatarana (1) afiksasi aya 40 kecap, (2) reduplikasi aya 18 kecap, (3) komposisi aya tilu kecap, jeung (4) morfofonémik aya 27 kecap.

Data hasil analisis BDSK némbongkeun yén Darpan salaku pangarang geus ngajalankeun peran salaku masarakat basa. Peran kahiji, milu miara, mekarkeun, tur ngamumulé basa di masarakatna. Peran kadua, nyaéta peran nu teu dipibanda ku sakumna anggota masarakat biasa, nyaéta nyiptakeun wangun-wangun anyar tina basa nu dipibanda ku masarakat.

Dumasar hasil analisis katitén BDK mibanda ciri has upama dibandingkeun jeung basa Sunda lulugu. Bébédanna kapanggih tina kecap dasar anu dilarapkeun dina BDSK. Salian ti éta nu jadi ciri hasna nyaéta aya sababaraha kecap anu digunakeun dina wangun kecap rajékan najan hartina saperti kecap dasar saperti kecap *cucungur*, *jajanggar*, *babatén*, *hayam-hayaman*. Tina éta kecap luyu jeung pasipatan urang Karawang anu handap asor bari nyarita “teu bisa babasa”. Kecap *babasa* mangrupa kecap anu ilahar digunakeun di masarakat Karwang.

## 5.2 Implikasi

Pikeun masarakat Sunda, pentingna basa wewengkon minangka pangdeudeul basa daérah perlu dirasakeun ku sakumana masarakat Sunda. Ieu tarékah perlu dilaksanakeun ngaliwatan panalungtikan-panalungtikan sangkan basa wewengkon terus dimumulé tur didokumentasikeun

Pikeun lembaga panalungtikan basa perlu leuwih réa deui panalungtikan basa daérah hususna basa wewengkon lantaran eksistensina ngarojong budaya daérah.

## 5.3 Rékoméndasi

Kahasan dialék sosial Karawang perlu ayana tarékah dikumpulkeun tur didokumentasikeun sangkan henteu bacacar. Kandaga kecap nu kakumpul disusun dina wangun kamus dialék sosial Karawang ku lembaga basa jeung pamaréntah.

